

SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

Lanmou mo, lanmou peyi
Otè : Henri-Robert Durandisse
Powèt / Ekriven

Lè nan Sosyete Koukouy nou wouze rasin mo 1804 yo, nou pa sèlman sonje viktwa ki fèt. Nou pa limite tèt nou ak selebrasyon dat. Nou pa mete flann memwa nan vitrin, tankou bèl òneman pou fè moun admire. Non!!
Nou vire mo yo
Nou tounen yo.
Nou ba yo nanm.
Nou plante yo pi fon.
Wouze rasin mo 1804 yo se pa yon jès senp, Se yon zak vivan ki mande prezans kè nou, ki mande flann lespri nou, ki make respè nou.
Rasin mo sa yo, pa sou papye ase, se mo ki te ekri ak men ki te chaje kouraj, ak kò ki te chaje mak chenn.
Chak fwa nou ouvè bouch nou nan Sosyete Koukouy pou nou pale, se pa fraz nou ap mete atè.
Se pyebwa n ap plante pou rache move zèb detui lendendiferans.
Nou sonje 1804, pa tankou yon zèv tan lontan, men yon limyè ki toujou bat anba po nou.
Chak anmwey nou pouse, chak tèks nou ekri ak san nan plim nou, se rasin Ayiti ki sou pye
Nou ap tranpe

Se mo sa yo ki fè nou, ki monte vwa nou, ki rale men nou soti anba labou laperèz.

Chak fwa nou wouze rasin s yo, nou prepare limyè ki ap kontinye briye
Nou prepare chimen pou jenerasyon ki va bezwen flann pou travèse fènwa.
Se pa fasil.
Wout la long.
Chimen an pafwa chaje pikan, ranvwa, epi silans.
Men nou konnen :
chak ti gout lespwa nou mete sou rasin mo 1804 yo, se pa gout ki pèdi.
Se limyè n ap plante.
Se lavi n ap leve.

Nan chak liv nou ekri, nan chak atelye nou louvri, nan chak pawòl nou simaye, nou di ak tout kè nou :
Nou chwazi viv anba solèy konsyans peyi Ayiti, pi lwen pase tan ki gen tan.
Nou se grenn mapou ki pa pè tanpèt, nou va kontinye pouse, kontinye limen, kontinye batay, avèk fòs entèlijans mo 1804 yo, rasin nou pa ka janm mouri.

Kreyolozofi : ekri demen nou ak limyè pa nou
Esè
Otè : Henri-Robert Durandisse
Powèt / Ekriven

© Henri-Robert Durandisse, 2025. Tout dwa rezève.
Entwodiksyon:
Nan esè sa a, mwen envite nou reflechi sou nesèsite pou Ayisyen konstwi yon panse ki sòti nan rasin pa yo. Mwen pwopoze Kreyolozofi tankou yon chemen pou nou panse, viv, ekziste libelibè atravè lang epi memwa nou. Kreyolozofi pa sèlman yon panse, li se yon lanmou vivan pou tèt nou ak pou nasyon nou. Li se kè ak lespri yon pèp ki deside ekri demen li ak limyè pa li. Epitou, se limyè sa a li dwe kontinye pwojte sou lelmonn antye.

Definisyon Kreyolozofi
Noumenm Ayisyen dwe kreye yon filozofi pou pwòp tèt nou. Nan sans sa a *Kreyolozofi* se yon tantativ pou Ayisyen konstwi yon panse ki sòti nan rasin pa li, ki respekte lang li, memwa li, vizyon li, ak realite li. Se yon demach kote Ayisyen ap reflechi sou tèt li, pou tèt li, avèk lang li, ak istwa li, san kopye sou lòt pèp.
Kreyolozofi pa sèlman pale epi reflechi an kreyòl. Kreyolozofi, se viv, reflechi, kwè, defann, epi chanje lavi pandan nou ap fè kilti kreyòl la evolve. Li devlope kote doulè tounen limyè. Kote lepase tounen memwa k ap louvri chemen. Kote chak mo, chak ritmik, chak pawòl kreyòl se sous lavi.
Kreyolozofi pa yon kopye kole. Li pa imite okenn lòt filozofi. Men, li ka pataje konesans ak tout lòt pèp san pèdi sans pa li. Li leve nan kouraj ak detèminasyon nan kè moun k ap soufri ansanm ak sila yo ki ap reve. Li se yon rezistans ki reflechi, yon chemen pou libète lapanse. Li se zetwal ki limen lespwa yo te vle tenyen.

Refleksyon
Kreyolozofi, se gade tèt nou epi kwè nan sa nou ye, menm si yo di lang nou pa bèl, panse nou pa vo anyen. Kreyolozofi, se kanpe, di: « Mwen panse an kreyòl, mwen kreye an kreyòl, mwen egziste an kreyòl. Mwen egziste toutbon. » Li pa sèlman nan chante. Li pa sèlman nan sonje. Li kore sa nou ye, epi li louvri chemen sa nou ka vin ye. Se lanmou

ki vin panse. Se panse ki vin lanmou nan fon nannan mounite nou.

- Aks prensipal li yo se:**
- Aks Langaj: Se pale, panse, egziste lib avèk lang kreyòl.
 - Aks Memwa: Se sonje kote nou soti pou nou klere kote nou prale.
 - Aks Aksyon: Se kreye, reziste, libere tèt nou chak jou.
Se nan sans sa nou defini **douz prensip Kreyolozofi**
- Lang nou se fondasyon panse nou.
Nou panse an kreyòl, nou ekziste ak lang nou. San kreyòl, panse nou pa ka fleri.
 - Memwa pèp nou se baz vizyon nou.
San memwa, nou pa ka konnen ni ki kote nou soti, ni ki jan pou nou bati avni nou. Sonje se wè pi lwen.
 - Kreyasyon se prèv nou viv toutbon.
Chak fwa nou kreye, nou pwouve nou ap viv. Chak mo nou kreye pote plis andirans nan kè nou.
 - Dyalòg ak zansèt nou pa janm fini.
Nou kontinye pale ak zansèt nou chak fwa nou sonje, reflechi, epi ajì nan respè yonn pou lòt. Zansèt yo pale nan souf chak jenerasyon.
 - Kiltive kreyòl se libere panse nou.
Lè nou sèvi ak kreyòl pounou reflechi epi kreye, nou kraze chenn ki t ap anprizone epi pwazonnen panse nou. Se ak lang nou, nou kase chenn.
 - Rezistans pa sèlman politik, li filozofik tou.
Rezistans se panse lib, se kwè nan diyite nou menm lè nou ap konbat vizib ak envizib. Reziste, se panse epi ajì pou nou viv.
 - Nou mezire lavi nou ak sa nou vo.
Sikse pa depann de richès materyèl, men de valè nou simaye. Valè yon moun pa mezire ak sa li posede, men ak limyè li kite.
 - Respè pou tè nou, dlo nou, resous nou yo, modòd la se respè pou tèt nou.
Respekte sa nou genyen, se montre nou respekte sa nou ye kòm pèp. Kote nou soti, se sa ki di ki moun nou ye.
 - Chak aksyon nou se pawòl vivan nou ekri nan liv nou. Tout sa nou fè make memwa listwa; pa gen jès ki pa konte. Tout ti jès se mo ki pa mouri.
 - Libète pa kado; li konstwi chak jou.
Libète pa bay yon fwa pou toutan. Se travay tou limen nou dwe fè chak jou depi granmmaten jouk solèy kouche.
 - Lavi san lanmou, san mo, san mounite, san kreyasyon se fènwa.
Se lanmou, lyann mo, ak kreyasyon ki limen limyè lavi. Lanmou ak pawòl se flann k ap gide mounite nou.
 - Kreyolozofi se yon zèv kolektif, kote chak moun konte.
Se ansanm, nan tèt kole, nou ka konstwi panse kreyòl la ak tout fòs li. Se ansanm pou nou make tras mounite nou.

- Lyen ant aks ak prensip**
- Aks Langaj (pale / panse / ekziste) ➔ epi mete prensip 1, 5, 11.
 - Aks Memwa (istwa / vizyon / kontinite) ➔ epi mete prensip 2, 4, 9.
 - Aks Aksyon (kreye / reziste / libere) ➔ epi mete prensip 3, 6, 7, 8, 10, 12.

Konklizyon
Kreyolozofi se pa sèlman yon panse. Li se batman kè yon pèp ki vle ekziste san li pa efase rasin li, san li pa pèdi non li, san li pa neglije memwa li. Li se flann lanmou ak diyite ki ap klere chemen nou, menm lè fènwa eseye anvayi rèv nou. Se ak limyè pa nou, ak pawòl pa nou, ak vizyon pa nou, nou dwe ekri demen nou, pou nou ka mache tèt drèt sou latè a, san lawont, laperèz, ni soumisyon.

LÈT YOU LOUVRI POU TOUT AYISYEN KONSEKAN:

POUKISA NOU TOUJOU KONTINYE PALE DE 1804
Otè: Henri-Robert Durandisse
Powèt / Ekriven
Frè m , sè m yo kijan nou ye,
Nan reflechi ansanm avèk Kaptenn Koukouwouj kòm bon kòlèg, pèmèt mwen ekri nou, pa pou m relouvri liv listwa anpil lòt moun prese fèmen, pa pou m mete koulè sou yon pase anpil moun ta renmen elimine, men pou m di nou, kontinye pale sou 1804 se yon zak esansyèl pou ekzistans ou, ekzistans pa mwen ansanm ak tout lòt ayisyen konsekan.

Mwen kontinye pale de 1804 pa pou nou repete glwa zansèt nou yo san reflechi, men pito pou nou kontinye rale flann vivan k ap bat nan kè nou epi fè li briye.

1804, ou konnen l pi byen pase tout moun, se pa senpman yon dat. Se prèv yon pèp ki yo te meprize, mare, imilye leve kanpe epi li di NON, paske li derefize viv anba move sò vizib ak envizib yo tefè li sibi.

Nou kontinye pale de 1804 paske bliye se trayi, bliye se premye lanmò yon pèp ka viv. Sous rezistans se egzistans li menm ki pa aksepte disparèt. Se lavi a k ap defann tèt li lè li wè tout sa ki fèt pou yo toufe li.

Kontinye pale sou 1804 se liminen lespri moun ki te konnen lè ou aksepte soumisyon, ou mouri san ou poko trepase. Sous rezistans se lanmou. Lanmou pou tèt nou. Lanmou pou limanite. Sous rezistans, se konsyans. Yon konsyans ki pa aksepte wè lang nou an tounen baboukèt. Yon konsyans ki pa aksepte wè kilti nou an tounen ranyon ki ap pouri.

Pale toujou de 1804, se pwoteje rasin nou, rasin yo t ap rache si nou te bese tèt nou.

Se kenbe lanp libète a limen, menm lè move van ap soufle pou etenn li.

Chak fwa nou kòmanse gen dout sou tèt nou, chak fwa yon powèt ezite ekri an kreyòl, chak fwa ayisyen aksepte silans yo mete sou li, se nan rasin 1804, li dwe retounen, menm jan ak moun ki retounen bwè dlo nan tèt sous.

1804, se pa yon mizè. Se pa yon relik pou dekore bèl diskou. Se yon souf. Se yon chemen. Se yon responsabilite. Pale toujou de 1804, se di jèn nou yo:

« Ou pa fèt pou w mande padon paske w egziste.
Ou pa fèt pou w pliyè devan imilyasyon.
Ou se eritaj fòs, sansibilite, vizyon ak imanite. »
Pale toujou de 1804, se konprann nou dwe kontinye defann dwa nou kòm. Se konprann mounite nou pa dwe fonn. Se konprann dezvwa nou pou nou kontinye wouze rasin libète chak maten.

Se pou sa, frè m ak sè mwen yo, mwen envite nou toujou pale de 1804. Entansyon an se pa pou nou rete kole sou ayè, men pito yon fason pou nou mete souf lavi sou lespwa pou demen. 1804 se angajman nou pran pou nou rete vivan.

Repòtaj aktivite Sosyete Koukouy Seksyon Kanada sou zoom

Vandredi 25 avril 2025 lan, Sosyete Koukouy Seksyon Kanada te fè yon rankont sou zoom avèk Akademiyeen Jean-Robert Placide epi Akademisyen Féquière Vilsaint. Se yon aktivite, kote nou te mete anfaz sou jounen entènasyonal liv ki se 23 avril, daprè *UNESCO* (Òganizasyon Nasyon Ini pou Edikasyon Lasyans ak Lakilti). Moun ki te dirije aktivite a se ekriven Gary S. Daniel. Nou voye yon grap remèsiman pou twa moun sa yo ansanm avèk tout moun ki te mete tèt yo disponib pou yo vin patisipe nan rankont lan.

Jean-Robert Placide, manm Sosyete Koukouy Kanada te pale sou Direksyon Nasyonal Liv (DNL) Ayiti. Li te nonmen misyon yo epi li te fè yon refleksyon kòmante sou misyon sila a, kote li te di DNL pa te ba teknisyen li yo yon fòmasyon apwopriye. Li te di tou, enstitisyon an pa genyen yon politik ki ale nan avantaj lanng kreyòl la. Piplis toujou, DNL pa genyen sifizamman lajan pou li reponn kòmsadwa bezwen fondamantal tout timoun ayisyen yo, nan domèn lekti literati kreyòl, ak literati pou timoun: woman, pwezi, teyat. Pandan peryòd kesyon yo, J-R. Placide te fè nou remake OIF (*Organisation Internationale de la Francophonie*) se yon baryè pou pwomosyon liv kreyòl yo. Se tankou yo pa kapab itilize lajan sibvansyon òganizasyon sa a mete disponib pou yo a epi fè pwomosyon liv ki ekri an kreyòl yo avèk li tou.

Féquière Vilsaint, ki se responsab Educa Vision, te pwomèt pou li fè yon konvèsasyon avèk nou sou twa pwen: kreyasyon liv, distribisyon liv epi fabrikasyon liv. Sepandan, li te plis pale avèk nou sou divès aspè ki genyen nan distribisyon liv. Epitou, li te pwofite pataje avèk nou non divès enstitisyon ki gen potansyèl pou yo pwodui liv nan milye ayisyen an.

Rive nan peryòd kesyon an, Féquière Vilsaint te tabli yon diferans klè ant distribisyon liv epi difizyon liv. Premye a, distribisyon liv, se tout aktivite editè a epi otè a fè pou yo kapab vann liv yo. Dezyèm lan, difizyon liv, se tout aksyon moun ki konsène yo fè, nan divès epas medyatik yo, pou pèmèt piblik la konnen ekzistans pwodui a. Daprè Féquière, eleman sa a esansyèl anpil. Se limenm ki pral ede liv yo vann.

Nan peryòd kesyon an te genyen anpil lide ki te sikile. Sepandan, genyen twa ladan yo ki te atire atansyon nou: Bèlte liv yo, fason pou akouraje moun achte liv epi espas kote yo enstale liv yo pou yo vann yo.

Ni Féquière Vilsaint, ni Mileva Roumer di nou aklè, yon liv se objè atizay. Menm lè liv la kapab se yon boul lò apati sa ki ekri anndan li, si kouvèti li pa atiran lektè a pa pe genyen okenn ankourajman pou yo manyen liv la. Kidonk, yo pa pe menm bay tèt yo chans pou yo louvri li epi gade sa ki ekri anndan li. Plis liv la atiran, se plis li ap ankouraje moun touche li, louvri li epi li sa ki ekri ladan.

Jeneralman, nan milye ayisyen an, moun yo toujou twouve liv yo chè. Konsa, pri liv yo konn lakòz moun pa achte yo. Meyè fason, daprè Féquière pou nou ankouraje moun yo achte liv, se pou Leta **sibvansyone*** moun ki ap ekri liv yo oswa mezon edisyon yo. Kòm nou pa kapab konte sou Leta, se moun ki nan sektè prive a ki pou jwe wòl sa a. Moun ki genyen mwayen yo kapab achte liv fè moun kado. Pou nou kontinye sou woulib lavant liv la, Féquière Vilsaint fè nou remake Educa Vision pa fè liv senpman pou li fè lajan. Anpil fwa, genyen liv yo konnen ki pa pe vann, men yo piblilye yo kanmenm, paske yo se richès pou lanng kreyòl la.

Konsènan espas kote yo enstale liv yo pou yo vann yo, Henri-Robert Durandisse te fè nou remake, moun ki ap jere espas ki genyen liv pou vann dwe toujou konsidere tanperati espas ki genyen liv yo. Liv pa mele avèk imidite. Rezon an se paske dlo ki nan lè a ap ajì sou fèy papye yo epi li ap detui yo. Genyen espas ki ap vann liv ki pa janm konnen nan ki fason pou yo ba liv ki fenk rive yo vizibilite epi atire moun pou vin achte yo.

Kanta espas kote yo fè *Foire du livre* yo, yo genyen pou devwa pou yo mete liv ki ekri an kreyòl sou menm pye egalite avèk sila yo ki ekri an franse yo. Pawòl ki soti nan bouch otè ki ekri an kreyòl pa dwe al fèt sou kote. Yo pa dwe mete otè ki ekri an kreyòl yo nan yon ti kwen apa pou yo pale kant moun ki ekri liv an franse yo ap layite.

Pou nou fini, mwen ap siyale Féquière di nou aklè ekriven pa fè lajan avèk liv yo pibliye. Sepandan, yo patisipe nan devlopman lapanse sosyete yo a epi yo anrichi patrimwàn entèlektyèl peyi a.

Rapò sa a se yon rezime tou kout sou pawòl ki te pale vandredi swa yo.

***Pran Nòt:** Nan Sosyete Koukouy, nou kontinye ap pwopoze Akademi Kreyòl Ayisyen an (AKA) pou yo mete yon siy dyakritik sou lèt /o/ ki nan mo kou **sibvansyone, yon fason pou /o/ a sonnen pou kont li endepandan parapò ak son /n/ lan**. Konsènan siy dyakritik sa a, genyen FLA (Fakilte Lenguistik Aplike) ki pwopoze yon aksan fòs ki ale sou bò dwat sou lèt /o/ a. Epi, genyenn Sosyete Koukouy ki pwopoze pou AKA ta mete yon trema sou lèt /o/ a.

Se Michl-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouwouj) ki te prepare rapò sa a.